



**ÒDONANS DIJANS NIMEWO 7  
KONTE PALM BEACH COVID-19  
ETABLISMAN REKREYATIF YO**

**KONSIDERAN**, COVID-19 la, yon maladi respiratwa yon virus lakòz ki gaye rapidman sòti nan yon moun ale nan yon lòt epi ki ka lakòz maladi grav oswa lanmò, reprezante yon menas klè ak aktyèl pou lavi, sante, byennèt ak sekirite moun nan Konte Palm Beach yo, epi;

**KONSIDERAN**, nan dat 9 mas 2020, Gouvènè Ron DeSantis, te pibliye yon Dekrè Egzekitif 20-52 ki deklare yon eta dijans pou Eta Florid akòz COVID-19 la; epi

**KONSIDERAN**, nan dat 13 mas 2020, dapre Seksyon 252.35(3)(a)(5), Lwa Florid yo, Konte Palm Beach te deklare yon Eta Dijans lokal akòz pandemi kowonaviris la, ki te pwolonje depi lè a nan respè ak lwa ki aplikab yo; epi

**KONSIDERAN**, nan dat 24 mas 2020 Gouvènè Ron DeSantis, te pibliye Dekrè Egzekitif 20-83 ki mande Chirijyen Jeneral Eta a ak Ofisyen Sante Eta a pou pibliye yon avi sante publik pou mande moun ki aje yo ak moun ki gen kondisyon medical grav kache ki mete yo nan pi gwo risk pou gen maladi grav nan COVID-19 la pou rete lakay yo. Kondisyon sa yo gen ladan, men pa limite ak, maladi kwonik nan poumon oswa opresyon modere rive nan grav; kondisyon kadyak grav; sitiayson iminodeprime, ki gen ladan sila yo ki nan tretman kansè; ak obezite grav; epi

**KONSIDERAN**, Gouvènè Ron DeSantis te pibliye yon seri Dekrè Egzekitif annapre an repons ak pandemi COVID-19 la, ki gen ladan Dekrè Egzekitif 20-112 yon Faz 1: Plan Entèlijan, San Danje, Etap pa Etap pou Retablisman Florid la, kote Gouvènè a te re-ouvre kèk biznis epi Dekrè Egzekitif 20-120 ki, pami lòt yo, te sèvi pou ajoute Konte Palm Beach nan Faz 1; epi

**KONSIDERAN**, Administratè Konte a, dapre otorite yo ki site anba a, te pibliye plizyè Òdonans Dijans ki gen ladan Òdonans Dijans 2020-005 ki prewwa redemaraj pwogresif aktivite navigasyon ak maritim yo, teren gölf, pak publik ak zòn natirèl yo, teren tenis ak pisin kominotè yo, anvigè nan dat 29 avril 2020; epi

**KONSIDERAN**, Konte Palm Beach vle klarifye plizyè dispozisyon Òdonans Dijans 2020-005 epi pran mezi anplis ki gen rapò ak etablisman rekreyatif yo pou favorize objektif redemaraj yo pandan n ap minimize pwopagsyon COVID-19 la nan Konte Palm Beach;

**KOUNYE A, PA KONSEKAN, NOU ÒDONE ISIT LA** daprè Atik II Kòd Konte Palm Beach, Chapit 9, Seksyon 9-35, ansanm ak otorite yo ban mwen nan Deklarasyon Dijans Gouvènè DeSantis te pibliye nan Dekrè Egzekitif 20-52 pa Chapit 252 Lwa Florid yo, Konsèy Manm Komisyón Konte a ak Plan Jesyon Dijans Global Konte Palm Beach lan, epi jan lalwa mande sa, mwen òdone konsa:

1. Konsideran ki anvan yo enkòpore isit la kòm referans.
2. Òdonans sa a aplike nan tout zòn ki entegre ak ki pa entegre nan Konte Palm Beach.
3. Òdonans Dijans 2020-005 lan amande konsa:
  - a. Seksyon 7 la efase nèt epi ranplase konsa:

**Seksyon 7. Pak Piblik, Pak Prive ak Zòn Natirèl yo** Tout pak piblik ak prive ak zòn natirèl yo nan Konte Palm Beach, ka re-ouvrir jan sa etabli nan Anèks 4, Revizyon 1 ki gen tit "Direktiv pou Re-ouvèti Pak Piblik, Pak Prive ak Zòn Natirèl yo." Zòn sa yo ka ouvrir pou plezi san danje ak responsab itilizasyon pasif ak aktif limite. Aktivite sa yo dwe fèt an akò ak direktiv CDC yo ak nan konfòmite ak kondisyon yo ki etabli nan Anèks 4, Revizyon 1.
  - b. Anèks 2 a efase isit la nèt epi ranplase avèk Anèks 2, Revizyon 1 ki gen tit "Kondisyon pou Aktivite Navigasyon Bato ak Maritim." Tout referans nan Anèks 2 a dwe ranplase avèk Anèks 2 Revizyon 1.
  - c. Anèks 3 a efase isit la nèt epi ranplase avèk Anèks 3, Revizyon 1 ki gen tit "Kondisyon pou Gòlf". Tout referans nan Anèks 3 a dwe ranplase avèk Anèks 3, Revizyon 1.
  - d. Anèks 4 la efase isit la nèt epi ranplase avèk Anèks 4, Revizyon 1 ki gen tit "Direktiv pou Re-ouvèti Pak Piblik, Pak Prive ak Zòn Natirèl yo." Tout referans nan Anèks 4 la dwe ranplase avèk Anèks 4 Revizyon 1.

- e. Anèks 5 lan efase isit la nèt epi ranplase avèk Anèks 5 Revizyon 1 ki gen tit "Direktiv pou Re-ouvèti Teren Tenis ak Pisin Kominotè yo." Tout referans nan Anèks 5 la dwe ranplase avèk Anèks 5 Revizyon 1.

Tout lòt dispozisyon Òdonans Dijans 2020-005 la rete anvigè.

4. Nenpòt dispozisyon nan Amannman sa a ki gen konfli avèk nenpòt dispozisyon lwa eta oswa federal oswa dispozisyon konstitisyonèl oswa konfli avèk oswa ki gen yon Dekrè Egzekitif Gouvènè oswa Prezidan Etazini ki aktyèl oswa ki pibliye apre ki ranplase yo, ap konsidere kòm pa aplikab epi konsidere kòm separe de Amannman sa a avèk rès Amannman an ki rete entak ak anvigè. Nan mezi aplikasyon kèk oswa tout dispozisyon Amannman sa a entèdi sou teritwa souvren yon tribi souvren oswa Endyen ke gouvènman federal la oswa eta a rekonèt, aplikasyon sa a ap eskli klèman nan Amannman sa a. Dispozisyon Amannman sa a dwe ranplase dispozisyon espesifik nenpòt Òdonans Dijans Konte a te pibliye ki kontré oswa ki gen konfli avèk Amannman sa a.
5. Amannman sa a anvigè apati 12:01 a.m. nan dat 18 me 2020. Amannman sa a ap ekspire lè Eta Dijans Lokal aktyèl la fini, menm jan li ka pwolonje atravè yon lòt òdonans oswa deklarasyon amwenske gen yon lòt òdonans ki te gentan mete fen ladan.

**KONTE PALM BEACH**

Pa: \_\_\_\_\_ [Siyati] \_\_\_\_\_  
Administratè Konte

Dat: 16 me 2020

**APWOUVE SELON  
SIFIZANS JIRIDIK**

Pa: \_\_\_\_\_ [Siyati] \_\_\_\_\_  
Pwokirè Konte

**ATESTE  
GREFYE ak KONTWOLÈ**

Pa: \_\_\_\_\_ [Siyati] \_\_\_\_\_  
Grefye Adjwen